प्रदेस सरकार फरियवले हौ कि राज्य में कतहूं पेट्रोल आ डीजल क कमी नाही बा। हाले के वैस्विक घटनाक्रम के देखत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ खाद्य आ नागरिक आपूर्ति विभाग के अधिकारियन के ई सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहलें कि जनता के कउनों तरह क असुविधा न होखे। श्री योगी कहलें कि ईहो सुनिस्चित कइल जाए कि कहीं भी ईंधन के ले के कउनों दहसत चाहे कृत्रिम संकट पैदा न हो। उहां के अधिकारियन के नियमित रूप से जमीनी निरीक्षण कइले क निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री काल्हि संझा वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से पुलिस भरती परीक्षा क तइयारियन आ आवे वाला तिउहारन के ले के कानूनो व्यवस्था क समीक्षा कइलें। एगो रिपोर्ट–

**समीक्षा बैठक के दौरान मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने निर्देशित किया कि चौदह और पन्द्रह मार्च को होने वाली पुलिस भर्ती परीक्षा को लेकर सभी परीक्षा केन्द्रों के बाहर पीआरवी–112 वाहनों की तैनाती की जाए। उन्होंने अधिकारियों को हिदायत दी कि परीक्षा शुचिता के साथ किसी भी स्तर पर समझौता बर्दाश्त नही किया जाएगा। प्रदेश के 1090 परीक्षा केन्द्रों पर चार पालियों में आयोजित होने वाली इस परीक्षा में 15 लाख 75 हजार से अधिक अभ्यर्थी पंजीकृत हैं। मुख्यमंत्री ने कहा कि यातायात प्रबंधन को सुनिश्चित किया जाए, जिससे अभ्यर्थियों को परीक्षा केन्द्रों तक पहुंचने में कोई परेशानी न हो। श्री योगी ने कहा कि 13 मार्च को अलविदा की नमाज, 19 मार्च से चौत्र नवरात्रि का षुभारंभ और 20 या 21 मार्च को ईद–उल–फितर मनाए जाने की सम्भावना है। ऐसे में कानून व्यवस्था दुरूस्त रखने के लिए अधिकारी पूरी सतर्कता के साथ अपने दायित्वों का निर्वहन करें। समाचार कक्ष से अरूण।**

**********

नोबेल पुस्कार विजेता कॉन्स्टेंटिन नोवोसेलोव आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ से मुलाकाति कइलें। एगो रिपोर्ट–

**मुलाकात के दौरान नोबेल पुस्कार विजेता कॉन्स्टेंटिन नोवोसेलोव और मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के बीच उत्तर प्रदेश को देश में एडवांस्ड मैटेरियल रिसर्च और इंजीनियरिंग का प्रमुख हब बनाने की संम्भावनाओं पर चर्चा हुई। श्री नोवोसेलोव ने निवेश के लिए प्रदेश के साकारात्मक माहौल की भी सराहना की। उल्लेखनीय है कि नोबेल पुरस्कार विजेता श्री नोवोसेलोव ग्रैफिन की खोज के लिए पूरी दुनिया में मशहूर है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रदेस सरकार राज्य में सेवा आचरण नियमावली में संसोधन कइले हौ। अब जो त कउनों सरकारी करमचारी एक कैलेंडर बरिस के भित्तर अपने मूल वेतन के छौ महिन्ना से बेसी क रासि स्टॉक, सेयर चाहे अउरियो निवेस के जरिया से निवेस करि त ओके सक्षम प्राधिकारी के सूचित कइल जरूरी होई। ई फैसिला काल्हि भइल मंत्रिमण्डल के बइठकी में लिहल गइल।

**********

सर्वोच्च न्यायालय पहिली बेरि बत्तीस सालि क एगो मनई के निस्क्रिय इच्छा मउति क अनुमति दिहले हौ। एकरे तहत न्यायालय पछिला बारह सालि से बेसी समय से कोमा में रहल मनई कै कृत्रिम जीवन रक्षक यंत्र के हटवले क अनुमति दे दिहले बा। गाजियाबाद क रहवइया पंजाब विश्वविद्यालय क छात्र हरीश राणा के दुइ हजार तेरह में अपने पीजी के चउथी मंजिला से गिरले के बाद कपारे में गम्हीर घाव लागल रहे। एकरे बादे से ऊ कोमा में हवें।

**********

इलेक्ट्रॉनिक्स आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवें कि भारत में इंटरनेट सेवा दुनिया में सबसे सस्ता बा। लोकसभा में आजु प्रस्नकाल के दौरान पूरक सवाल क जबाब देत श्री वैष्णव कहलें कि पछिला दस सालि में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी डिजिटल इंडिया पहल के जरिया से डिजिटल समावेसन के तीनि गो खास मोरचा पर काम कइले हवें।

**पिछले 10 वर्षों में डिजिटल इंक्लूजन के लिए तीन फ्रन्ट्स में काम किया है। सबसे पहले इंक्रीजिंग दी एक्सेस टू इंटरनेट, सेकंड मेकिंग इंटरनेट अफॉर्डेबल और तीसरा प्रोवाइडिंग डिजिटल पब्लिक इंफ्रास्ट्रक्चर। आज से 10 साल पहले 2014 में जहां पर मात्र 25 करोड लोगों को इंटरनेट की कनेक्टिविटी अवेलेबल थी, 103 करोड लोगों को आज इंटरनेट की कनेक्टिविटी अवेलेबल है।**

श्री अश्विनी वैष्णव कहलें कि एआई–नियंत्रित खेलौना लइकन खातिर गम्भीर खतरा पैदा कइ सके ला। उहां के कहलीं कि उपभोक्ता कार्य मंत्रालय आ गृह मंत्रालय एके काबू करे बदे जरूरी कदम उठा रहल हौ।

**********

उत्तर प्रदेस आतंकरोधी दस्ता–एटीएस पाकिस्तान क खुफिया एजेंसी इंटर–सर्विसेज इंटेलिजेंस–आईएसआई बदे जासूसी कइले के आरोप में नौसेना के चउबीस सालि के जवान के गिरफ्तार कइले हौ। एटीएस एगो प्रेस विज्ञप्ति में बतवलस कि खुफिया जनकारी के मोताबिक एगो मनई पाकिस्तान के आईएसआई एजेंट के सम्पर्क में रहल आ संवेदनसील जनकारी साझा करत रहल।

**********